Integrated multi-disease screening for TB-affected households in Zimbabwe

Principal Investigator: Dr Claire Calderwood MSc MRCP
Phone: +263 780981949

Mwana wenyu arikukokwa kupinda mutsvakurudzo.

Zvamunofanira kuziva pamusoro petsvakurudzo ino

- Tinokupai gwaro rino retenderano kuti muverenge nezve chinangwa, njozi uye zvakanakira tsvakurudzo ino.
- Hatikuvimbisei kuti mwana wenyu pane chaachawana mutsvakurudzo ino. Chinangwa chikuru chetsvakurudzo ndechekuwana ruzivo runozogona kubatsira vamwe vanhu muneremangwana.
- Mune kodzero yekurambidza mwana wenyu kupinda mutsvakurudzo ino kana kumutendera izvezvi asi mazochinja pgungwa dzenyu pamberi.
- Ndapota nyatsoverengai gwaro rino retenderano zvakanaka. Bvunzai chero mibvunzo musati maita sarudzo.
- Sarudzo yekubvumidza mwana wenyu kuti apinde mutsvakurudzo kuda kwenyu, hamumanikidzwe.

NEI TIRI KUITA TSVAKURUDZO INO?

VeWorld Health Organisation vari kukoshesa zvakanyanya kutsvakwa kwe TB muvanhu vanogara nevanenge vaine TB (kuongororwa TB kune vamhuri kana mumwe wemumba abatwa TB). Tsvakurudzo ino ichaongorora kuti vanhu vanogara nemunhu aneTB mumhuri mavo vane zvirwere zvinomwirwa mishonga kweupenyu hwese (*chronic diseases*) zvisati zvabatwa here, toona kana kuongorora zvirwere izvi , panguva yekuongorora TB , iri nzira ingabatsire kuvandudza hutano hwevanhu nehwenharaunda muZimbabwe.

Tirikukoka mwana wenyu kuti apinde mutsvakurudzo ino nekuti anogara muimba imwe chete nemunhu akabatwa TB. Tsvakurudzo ino iri kuitwa sechikamu chetsvakurudzo huru inonzi "ERASE-TB" ine chinangwa chekugadzira nzira itsva dzekuongorora nekubata TB nekukasika. Mwana wenyu anokwanisa kunge akapinda mutsvakurudzo yacho. Kana mwana ari muERASE–TB kuti masarudza kuti apinde mutsvakurudzo ino hazvikanganise kuve kwake mutsvakurudzo huru yeERASE-TB. Tsvakurudzo iri kuitwa nana mazvikokota ve*science* veku Biomedical Research and Training Institute, Harare, ve London School of Hygiene and Tropical Medicine,UK, ne University ye Munich, Germany.

ZVII ZVINOTARISIRWA MUTSVAKURUDZO INO?

Kana mwana wenyu apinda mutsvakurudzo ino, tichakukumbirai kuti musaine gwaro retenderano uye mwana wenyu achasainawo gwaro rekubvuma kupinda mutsvakurudzo. Tichabvunza imi kana mwana wenyu mibvunzo pamusoro pehutano nekurarama kwake. Mushure mekunge tatsanangura kuti ongororo ndedzeyi tichakumbira kuti mwana aitwe ongororo dzekuona mamiriro ake dzakasiyana siyana kusanganisira kuongororwa HIV (kuchishandiswa ropa kana mate) kuonekwa huremu kana hwakapfuridzika kana kuderera kune zvinotarisirwa, matambudziko ekuona uye zvirwere zvepabonde. Ongororo zhinji dzinoitwa panoshanya mwana kuzoonekwa mutsvakurudzo, dzimwe dzoitwa mu*laboratory* muHarare. Zvese zvinenge zvatorwa kumwana zvinoparadzwa kana ongororo dzapera kuitwa. Mwana wenyu achaudzwa zvinenge zvabuda muongororo dzinoitwa paanoshanyira zvetsvakurudzo, kana zvichikwanisika. Kana *maresults* akasabuda panguva yekushanya tichakutsvakai imi/mwana nefoni kana zvabuda muongororo zvavepo (*results*). Kana mwana wenyu asingadi kuitwa ongororo dzinenge dzanzi aitwe, anokwanisa kuramba, zvisingakanganisi kuve kwake mutsvakurudzo.

Kana mwana wenyu ari mutsvaurudzo yeERASE-TB, tichabatanidza kuongororwa nekushanya pamwe chete paanouya kutsvakurudzo yeERASE-TB. Nokudaro kuve mutsvakurudzo kunokwanisa kuwedzera nguva inotorwa nemwana pakushanya ne15minitsi. Kana kusiri kudaro, tinotarisira kuti kushanya kwetsvakurdzo kunotora 45 minitsi kana awa imwe chete.

NJODZI NEKUSAGADZIKANA

Kuongororwa kweropa kunogona kukonzera kusagadzikana kana karonda kadiki, sezvinongoitika pasoe panoitwa ongororo dzeropa. Mwana wenyu anogona kuwanikwa aine chirwere (change chisingazivikanwei) nekuda kwekupinda mutsvakurudzo ino, zvinogona kumushungurudza , zvakadaro hazvo tichatsigira mwana wenyu.

ZVIWANIKWA KANA/NE MUBHADHARO

Hatikuvimbisei kuti mwana wenyu achawana mubhadharo kutsvakurudzo ino. Kuongoroorwa zvirwere munhu asati arwara zvinogona kubatsira kuti zvirwere izvi zvibatwe nekukurumidza. Nokudaro, mwana wenyu anokwanisa kurapwa odzivirira matambudziko mune remangwana. Tichakupai imi/mwana wenyu ruzivo rwezvirwere zvakasiyana siyana zvatiri kuongorora mutsvakurudzo ino, tovatsigira kuti vaonekwe kunoitwa dzimweongororo nekurapwa kana vawanikwa vaine chirwere (*positive screening* test)

Tinovimba kuti tsvakurudzo ino ichabatsira vamwe vanhu mune ramangwana nekutibatsira kunzwisisa matambudziko ezveutano inoteverera kuburikidza nekuti zvichatibatsira kunzwisisa matambudziko ezvirwere zvinomwirwa mishonga upenyu hwese mu imbabwe tokwanisa kagadzira nzira dzingabatsire vanhu kuti vabatwe nekurapwa zvirwere izvi.

Hatikwanise uye hatiyedzi kukupai mubhadharo kuti mwana wenyu apinda mutsvakurudzo. Tinokudzorerai mari dzenyu dzemuchovha dzamunenge mashandisa kuuya kutsvakurudzo chete. Hapana mimwe mibhadharo kana muripo kwamuri /kumwana nekupinda mutsvakurudzo.

ZVAKAVANZIKA NEKUCHENGETEDZWA KWEZVINYORWA ZVETSVAKURUDZO ZVAMUNENGE MATIPA.

Kana mukataridza sarudzo yekuti mwana wenyu apinde mutsvakurudzo ino nekusaina gwaro rino , zvese zvatinowana maererano netsvakurudzo ino zvinogona kutaridza kuti uyu mwana wenyu zvichachengetedzwa zvakavanzika , zvichikwanisa kungoonekwa nevashandi vetsvakurudzo chete. Apo zvinobva kumwana zvichanyorwa hazvizozivikanwi kuti zvabva kumwana wenyu, zvese zvinogadziriswa pasina zita rake zvekuti hazvizokwanisiki kuti zvizivikanwe kuti izvi ndezvemwana wenyu. Zvinyorwa zvisingazivikanwi kuti ndezvaani zvichashandiswa pakunyorwa kwezvinenge zvabuda mutsvakurudzo nemumapepa science zvinogadziriswa pasina zita rake.,wenyu kwamuri kubudirikidza nekusaina gwaro rino, zvese zvatichawana kubva kwamuri zvichavanzwa, zvinokwanisa kungoonekwa nevashandi vetsvakurudzo ino chete. Patichagadzira zvatinenge tawana kubva kwamuri, tichazivanza kuti musazivikanzwe kuti ndimi. Zvanyorwa zvinogona kubuditswa muma*reports* kana mapepa *escience* kana kugoveranwa pakati pevanoita tsvakurudzo. Pane dzimwe nguva veMedical Research Council yeZimbabwe vanogona kuona zvamunenge matipa kuti vaone kana tsvakurudzoirir kuitwa sezvinotarisirwa.

KUPINDA MUTSVAKURUDZO ZVISINA KUMANIKIDZWA

Kupinda mutsvakurudzo ino kuda kwenyu, hazvimanikidzwe. Kana mukasarudza kuti mwana wenyu asapinde mutsvakurudzo ino, sarudzo yenyu haikanganise mabatirwo emwana wenyu pane zvehutano, pano kana kukiriniki kana kuchipatara kana kupinda kwake kune dzimwe tsvakurudzo. Kana masarudza kuti mwana wenyu ave mutsvakurudzo, makasungunuka zvekare kuti abude mutsvakurudzo chero nguva ipi zvayo musingarangwe.

VAMUNOFONERA KANA MUINE MIBVUNZO KANA MATAMBUDZIKO

Kana muchida rumwe ruzivo kana chero mibvunzo pamusoro petsvakurudzo ino, bvunzai vashandi vetsvakurudzo ino. Munokwanisa kushandisa nhamba dzinotevera kana muchiri kuda kuziva zvakawanda.

Principal Investigator: Dr Claire Calderwood | Telephone number: +263 780981949
Study Co-ordinator: Mr Edson Marambire | Telephone number: +263 772286311

Integrated multi-disease screening for TB-affected households in Zimbabwe

MVUMO

Mave kuita sarudzo yekubvuma kana kurambidza mwana wenyu kupinda mutsvakurudzo ino. Kusaina kwenyu kunoratidza kuti maverenga mukanzwisisa zvakanyorwa mutsanangudzo iri pamusoro, mapindurwa mibvunzo yenyu yose, zvakare masarudzo kuti mwana wenyu apinde mutsvakurudzo. Musati masayina gwaro rino, ndapota bvunzai chero mibvunzo ine chekuita netsvakurudzo ino kana paine chisina kujeka kwamuri. Munokwanisa kutora nguva muchifunga nezvazvo

- Ndaverenga zviri pagwaro rino pamusoro petsvakurudzo (kana kuti ndanzwisisa zvandatsanangurirwa).
- Ndanzwisisa zvichange zvichitarisirwa kubva kumwana wangu nezvichaitika kwaari kana achinge apinda mutsvakurudzo.
- Ndinwisisa kuti kupinda mutsvakurudzo kwemwana wangu kuda kwake, uye kuti mwana wangu anogona kubuda mutsvakurudzo ino asina kupa chikonzero zvakare zvisingakanganise mabatirwo ake enguva dzose uye hazvinganise mabatirwo nekuonekwa kwake.

Ndinobvuma kuti mwana wangu apinde mutsvakurudzo ☐ HONGU ☐ KWETE

Ndinobvuma kuti vashandi vetsvakurudzo vagondifonera kana kubvunza mwana wangu mibvunzo pamusoro pehutano hwake, kana kukurukura pamusoro pezvinenge zvabuda muongororo(tests) dzichaitwa mutsvakurudzo ino kana kundishanyira kumba kana vachinge vatadza kundifonera. ☐ HONGU ☐ KWETE

Mvumo kubva kumubereki/muchngeti wemwana :

Zita (print)	Siginecha	Zuva

Ukama nemwana ari mutsvakurudzo

Mvumo kubva kumwana (kana mwana aine makore 13-17):
Kupinda kwangu mutsvakurudzo isarudzo yangu. Ndaverenga (kana kuti ndatsanangurirwa) uye ndikanzwisisa zvese zvandaudzwa. Mibvunzo yangu yose yapindurwa uye ndinobvuma kupinda mutsvakurudzo.

Zita reapinda mutsvakurudzo (print)	Siginecha	Zuva
Zita remushandi wetsvakurudzo (print)	Siginecha yemushandi	Zuva

Kana munhu apa mvumo nemuromo, nyorai zita remunhu anga ari mufakazi pabvumwa nemwana

Zita remufakazi (Print)	Siginecha yemufakazi	Zuva

UCHAPIHWA RIMWE GWARO RAKAFANANA NERINO KUTI UGORICHENGETA

Kana uine chero mibvunzo inechekuita netsvakurudzo ino kana gwaro retenderano rino inodarika iyo yapindurwaneakurukura nemi, kusanganisira mibvunzo inechekuita netsvakurudzo, kodzero dzenyu semunhu apinda mutsvakurudzo, kana njodzi nekukuvara kungakonzerwa netsvakurudzo, kana kunzwa kuti hamuna kubatwa zvakanaka zvekare muchida kutaura nemunhu asiri wetsvakurudzo iyi, sungunukai kubata veMedical Research Council ye Zimbabwe (MRCZ) panhamba dzinoti (0242)791792 kana (0242)791193 neidzi 0784 956 128. Mahofisi eMRCZ ari paNational Institute of Health Research panosangana migwagwa J. Tongogara naMazowe Street, P.O. Box CY 573, Causeway, Harare.